



PARENTS' BILL OF RIGHTS

Dwa ak Responsablite Paran Daprè Lwa Florid yo:

1. Daprè Iwa s. 1002.20(3)(d) ak Règ Komisyón Konsèy 2417, *Edikasyon Sante Repwodiksyon ak Maladi*, yon paran gen dwa pou chwazi retire ptit minè li a nan nenpòt pòsyon edikasyon konplè sou sante distri lekòl la egzije daprè Iwa s. 1003.42(2)(n) ki gen rapò ak enstriksyon edikasyon seksyèl nan akizisyon edikasyon kondisyon defisyans iminitè oswa nenpòt enstriksyon konsènan seksyalite. Ou ka jwenn aksè nan fòm egzanpsyón pou paran yo pou yo pa patisipe isit la pou [klas 6-8](#) ak pou [klas 9-12](#).
2. Daprè Iwa s. 1002.20(6) ak Règ Komisyón Konsèy 2370, *Lekòl Magnet* 5131, *Transfè Elèv ak Ensriksyon Ouvè Kontwole*, ak 9800, *Lekòl Charter*, yo bay paran opsyon chwa lekòl, ki gen ladan ouvèti ensriksyon.
3. Ann akò avèk Iwa s. 1002.20(3)(b) ak Règ Komisyón Konsèy 5320, *Vaksinasyon*, yon paran gen dwa pou egzante ptit minè li pou pa pran vaksen.
4. Ann akò avèk Iwa s. 1008.22 ak Règ Komisyón Konsèy 2623, *Evalyasyon Elèv*, yon paran gen dwa pou revize rezulta evalyasyon estandardize ofisyèl eta a.
5. Ann akò avèk Iwa s. 1003.57 ak Règ Komisyón Konsèy 2460, *Edikasyon Elèv Eksepsyonèl ak Règleman ak Pwosedi Edikasyon Elèv Eksepsyonèl* (SP&P), ki enkòpore daprè referans, yon paran gen dwa pou enskri ptit minè li nan pwogram edikasyon espesyal oswa edikasyon espesyalize.
6. Ann akò avèk Iwa s. 1006.28(2)(a)1. ak Règ Komisyón Konsèy 2510, *Materyèl Enstriksyonèl* ak 2540, *Itilizasyon Enstriksyonèl Materyèl Odyovizyèl*, yon paran gen dwa pou enspekte materyèl enstriksyon distri lekòl yo.
7. Ann akò avèk Iwa s. 1008.25 ak Règ Komisyón Konsèy 5410, *Plan Pwogrèsyon Elèv*, yon paran gen dwa pou jwenn aksè sou enfòmasyon ki gen rapò ak règ distri lekòl la pou pwomosyon oswa retansyon, ki gen ladan demand gradyasyon lekòl segondè.
8. Ann akò avèk Iwa s. 1002.20(14) ak Règ Komisyón Konsèy 5410, *Plan Pwogresyon Elèv* ak 5200, *Prezans*, yon paran gen dwa pou resevwa yon kanè lekòl epi yo dwe enfòme li sou kondisyon prezans timoun minè li yo.
9. Ann akò avèk s. 1002.23 ak Règ Komisyón Konsèy 2215, *Pwogram Enstriksyon*, 2510, *Materyèl Enstriksyonèl ak Resous*, 5410, *Plan Pwogresyon Elèv*, ak 5200, *Prezans*, yon paran gen dwa pou jwenn aksè sou enfòmasyon ki gen rapò ak sistèm edikasyon piblik eta a, estanda eta a, demand kanè lekòl yo, demand pou prezans, ak demand materyèl ansèyman yo.
10. Ann akò avèk s. 1002.23(4) ak Règ Konsèy 2125, *Konsèy Konsilitatif Lekòl Edikasyon Ekselan* ak Règ Komisyón Konsèy 9210, *Òganizasyon Paran*, yon paran gen dwa pou patisipe nan asosyasyon paran-pwofesè ak òganizasyon yon komisyón lekòl distri oswa Depatman Edikasyon sanksyone.
11. Ann akò avèk Iwa ak s. 1002.222(1)(a) ak Règ Komisyón Konsèy 2416, *Konfidansyalite Elèv ak Aksè Paran nan Enfòmasyon*, yon paran gen dwa pou patisipe nan nenpòt koleksyon done nan nivo distri a ki gen rapò ak ptit minè li oswa sa lalwa pa egzije.

Dwa paran yo pa otorize paran yon timoun minè pou angaje yo nan yon konduit ilegal oswa pou yo abize oswa neglige ptit minè yo an vyolasyon Iwa jeneral yo. Dwa paran ki endike anwo yo pa entèdi oswa anpeche aktivite byennèt timoun yo, oswa nenpòt lòt devwa konstitusyonèl oswa legal ki di lekontrè, lè se jiridiksyon yon tribinal konpetan, ofisyé lapolis oswa anplwaye nan yon ajans gouvènman ki ap egzekite yo.